



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL  
REYINYON ALEKA ESPEYAL KOMITE SKOLÈ BOSTON**

**2 mas, 2022**

Komite Skolè Boston an te fè yon reyinyon aleka espesyal jou 2 mas, 2022, a 5:00 nan laprèmidi, sou Zoom. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan divès atik ki mansyone anba a, ale sou sit entènèt [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), voye yon imel bay [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite Skolè a ki te prezan : Prezidan Jeri Robinson ; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins ; Brandon Cardet-Hernandez ; Lorena Lopera ; Rafaela Polanco Garcia ; Mesye Tran ; ak Reprèzantan Elèv Xyra Mercer.

Manm Komite Skolè a ki te absan : Pèsòn.

**DOKIMAN KI TE PREZANTE**

Pwogram Reyinyon an

Pwosè Vèbal Reyinyon an : 15 févriye, 2022

Demann pou Pwopozisyon (RFP) Kabine Rechèch pou Nouvo Sipèntandan an

Memorandòm : Apatenans nan Komite Rechèch pou Nouvo Sipèntandan an ak Pwosesis Angajman Kominotè a

**RAPÈL A LÒD**

Prezidan Jeri Robinson te raple reyinyon an a lòd e l te dirije patisipan yo nan sèman drapo a. Madam Sullivan te fè apèl non yo. Mesye Tran te absan men li te patisipe nan reyinyon piblik la aprè sesyon egzekitif la. Mesye Cardet-Hernandez ak Mesye O'Neill te patisipe nan kòmansman sesyon egzekitif la. Tout lòt manm yo te prezan.

2 mas, 2022

Madam Robinson te anonse ke Komite a ta renmen kòmanse nan sesyon egzekitif la tousuit pou yo gen yon sesyon strateji anrapò avèk negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) e pou yo gen yon sesyon strateji an preparasyon pou negosyasyon avèk Sipèentandan Lekòl yo (manm pèsonèl ki pa fè pati yon sendika). Li te di ke komite a t ap retounen nan sesyon piblik la a 6:00 diswa.

## REYINYON AN KANPE POU KÒMANSE SESYON EGZEKITIF LA

**Apwouve** - Avèk yon apèl non, tout Komite a te dakò vote pou yo lage reyinyon an pou y al nan yon sesyon egzekitif pou yo gen yon sesyon strateji anrapò avèk negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) e pou prepare pou negosyasyon avèk Sipèentandan Lekòl yo (manm pèsonèl ki pa fè pati yon sendika).

## RETOU NAN SESYON PIBLIK LA AK RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te rekonvoke reyinyon an nan sesyon piblik la lè l te fè anvwion 6:25 diswa. Li te anonse ke Komite a te fenk retounen sot nan yon sesyon egzekitif pou l te gen yon sesyon strateji anrapò avèk negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union) e pou gen yon sesyon strateji an preparasyon pou negosyasyon avèk Sipèentandan Lekòl yo (manm pèsonèl ki pa fè pati yon sendika).

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a t ap retransmèt an dirèk sou Zoom. L ap difize ankò sou chèn Boston City TV. Epitou l ap afiche sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou YouTube. Li te anonse ke entèpretasyon similtane te disponib an espayòl, kreyòl ayisyen, kreyòl kap vèdyen, vyetnamiyen, china kanontè, chinwa mandaren, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te entwodui tèt yo e yo te bay enstriksyon nan lang natif natal yo konsènan fason moun kapab chanje chanèl yo sou Zoom pou yo jwenn aksè nan entèpretasyon similtane. Divès dokiman reyinyon an ki tradui te afiche sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan reyinyon an te kòmanse.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

**Apwouve** – Selon yon apèl non, tout Komite a te dakò apwouve pwose vèbal reyinyon 15 fevriye, 2022 reyinyon Komite Skolè a.

## MIZAJOU SOU RECHÈCH POU NOUVO SIPÈENTANDAN AN

Madam Robinson te bay yon mizajou sou pwosesis rechèch pou nouvo sipèentandan an. Depi lè Majistra Wu, Sipèentandan Cassellius, ak Prezidan Robinson te anonse ansanm depa Sipèentandan an an jen, 2022, ekip yo ap travay an kolaborasyon pou yo trase plan pwochèn etap yo e yo kenbe yon kontak sere sere pandan ke yo ap asire ke operasyon distri skolè a byen jere.

2 mas, 2022

Li te dekri divès objektif prensipal Komite a pou reyinyon an, ki te : egzamine akò separasyon an ant Komite Skolè Boston an ak Doktè Cassellius ; egzamine Demann pou Pwopozisyon yo (RFP) pou kabine rechèch la ; egzamine ratrapaj Komite Rechèch pou Nouvo Sipèentandan an e diskite pwochèt etap yo pou apwouve apatenans yo ; epi egzamine orè a pou pwochèt pwosesis angajman kominotè yo.

Madam Robinson te remèsye Sipèentandan Cassellius pou lidèchip li ak devouman l pandan ane ki sot pase yo ki te pote anpil defi.

*Akò Separasyon Sipèentandan an* : Pandan dènye semèn ki sot pase yo, Konseye Kowòperasyon Vil Boston an ak konseye pou Doktè Cassellius la te diskite e negosye divès tèm pou yon akò separasyon mityèl. Vil Boston ak Doktè Cassellius te arive dakò e aswè a Prezidan Robinson ap mande Komite a otorize l pou l siyen akò separasyon an nan non Komite Skolè a.

Madam Robinson te dekri divès tèm akò a. Tèm li yo konfòm a divès akò separasyon presedan ki te fèt ant Komite Skolè a ak lòt sipèentandan ki te kite nan tan pase. Akò a konfòm a divès tèm kontra anplwa Sipèentandan an ak lwa eta a epi li pa founi plis bagay ladan l pase sa ke kontra Sipèentandan an ak lwa eta a egzije.

Selon divès tèm akò a, Doktè Cassellius ap resevwa yon salè ki egal a en an kontra anyèl li a, ki se yon total 297.138,00\$. Epitou l ap resevwa 16.900\$ an salè retwoaktif (ratrapaj) pou ogmantasyon salè minimòm, ki obligatwa selon kontra li, ke li pa t resevwa pandan dezan ki sot pase yo. Doktè Cassellius ap resevwa tou peman pou tan konje li arive akimile ke l pat itilize jiska moman depa li. Peman sa yo konfòm a sa tèm kontra anplwa li a ak lwa eta a egzije. Madam Robinson te di ke akò separasyon an jis pou tout pati, li bay Doktè Cassellius sa nou dwe li kontraktiyèlman, selon kontra anplwa a ak lwa eta a, epi l konfòm a divès akò seprasyon presedan ki te fèt avèk divès lòt sipèentandan ki t ap kite nan tan pase.

Doktè Alkins te remèsye Sipèentandan Cassellius pou fondasyon solid li te poze epi l te pale sou enpòtans redevlopman konfyans avèk fanmi yo.

Madam Cardet-Hernandez te repete kòmantè Doktè Alkins yo konsènan redevlopman konfyans aprè deplasman sipèentandan yo nan sistèm nan. Li te met aksan sou enpòtans refleksyon sou leson nou aprann yo e pou n enkòpore leson sa yo nan akò anplwa pwochen sipèentandan an.

Madam O'Neil te remèsye konsèy kowòperasyon Vil la pou travay li fè sou akò a.

Mesye Tran te remèsye Sipèentandan Cassellius pou sèvis li, e l te fè elòj pou lidèchip li.

*Demann pou Pwopozisyon (RFP) Kabine Rechèch la*

Lekòl Piblik Boston (BPS) te afiche yon Demann pou Pwopozisyon pou anboche yon kabine rechèch pou jere pwosesis anbochaj nouvo sipèentandan an semèn pase. Li afiche sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/supt-search](https://bostonpublicschools.org/supt-search). Demann pou Pwopozisyon an dekri dimansyon travay ki pou fèt yo. Dat limit pou kabine yo reponn se 18 mas, a midi (12:00 PM), EST (lè kot ès

**2 mas, 2022**

Etazini). Se ekip evalyasyon « Demann pou Pwopozisyon an » (RFP) k ap pral evalye pwopozisyon yo, k ap gen ladan li 1 jiska 2 manm Komite Rechèch la, ansanm ak Al Taylor, Direktè Kapital Imen Lekòl Piblik Boston, ak Naveen Reddy, Jesyonè Biznis pou Lekòl Piblik Boston. Ekip RFP a ap prezante analiz li sou pwopozisyon nou resevwa yo ak seleksyon ki rekòmande yo bay tout Komite Rechèch la pou l egzamine yo. Komite Rechèch la ap bay Komite Skolè a rekòmandasyon l pou yon vòt final, ki pwograme pou 6 avril pou lemoman.

Mesye O'Neill te di ke pri Demann pou Pwopozisyon an (RFP a) ap peye avèk bidjè Lekòl Piblik Boston an. Li te di ke pri egzak la ap divilge lòske n konnen montan an.

Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje ekip evalyasyon Demann pou Pwopozisyon an antre an kontak avèk ekip evalyasyon rechèch pou sipèntandan presedan an pou pale sou kèk lesou yo te aprann. Li te mande si te gen yon limit pou pri (pou depans) rechèch la. Madam Robinson te di ke Komite a ap egzamine pri ansyen rechèch yo. Mesye O'Neil te esplike ke gen kèk kabine rechèch ki ofri yon pri fiks, pandan ke gen lòt ki ofri yon pousantaj salè ak divès depans. Li te note ke gen plizyè rechèch pou nouvo sipèntandan ki an pwosesis atravè lemond aktyèlman.

Doktè Alkins te mande pou yon klarifikasyon sou wòl angajman kominotè a. Mesye O'Neil te di ke kòmantè piblik la kritik nan premye ak dènye faz pwosesis la, avèk yon peryòd silans antretan nan mitan an, lè egzaminasyon konfidansyèl yo ap fèt.

### *Komite Rechèch la*

Madam Robinson te esplike ke etandone ke delè yo nan kalandriye a sere, li t ap pwopoze yon komite rechèch pi konpakte pase sa ane presedan yo, pou ogmante pwobabilite pou nou idantifye divès ouvèti nan orè a.

Komite Rechèch la ap gen ladan l :

- Doktè Pam Eddinger, Prezidan kolèj Bunker Hill Community College
- Roxi Harvey, Prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (SpEdPAC) Lekòl Piblik Boston
- Lorena Lopera, Manm Komite Skolè Boston
- Marcus McNeill, Elèv lekòl Fenway High School
- Michael O'Neill, Vis Prezidan Komite Skolè Boston
- Doktè Carline Pignato, Chèf Lekòl, lekòl Channing Elementary School nan Lekòl Piblik Boston
- Gene Roundtree, Sipèntandan Lekòl Segondè ak ansyen Chèf Lekòl lekòl Snowden High School nan Lekòl Piblik Boston
- Jessica Tang, Prezidan Sendika Pwofesè Boston (Boston Teachers Union)
- José Valenzuela, pwofesè istwa nan lekòl Boston Latin Academy

Madam Robinson te pwopoze pou twa ko-prezidan an chaj Komite Rechèch la : Doktè Eddinger, Madam Lopera, ak Marcus McNeill - yon edikatè, yon paran, ak yon elèv.

### *Angajman Kominotè*

2 mas, 2022

Komite Rechèch la ap òganize yon seri sesyon chita tande kominotè.

Dat ak lè reyinyon piblik sa yo ap :

- Mèkredi, 9 mas, 6:00 jiska 8:00 pm
- Madi, 15 mas 6:00 jiska 8:00 pm
- Jedi, 24 Mas, 6:00 jiska 8:00 pm
- Samdi, 2 avril, 10:00am jiska 12:00pm (midi)

Reyinyon yo ap fèt sou Zoom, y ap anrejistre e afiche aprè konklizyon chak reyinyon, epi y ap enkli entèpretasyon an dirèk nan tout lang Lekòl Piblik Boston yo. Manm piblik la kapab fè rezèvasyon sou entènèt pou yo enskri, y ap jis ale sou sit : [bostonpublicschools.org/supt-search](https://bostonpublicschools.org/supt-search). Apa de sa, manm piblik la kapab soumèt temwayaj alekri atravè imel, nan adrès imel : [superintendentsearch@bostonpublicschools.org](mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org). Komite Skolè a ap etabli yon patenarya avèk Komite Rechèch la pou founi divès fason altènatif pou kolekte kòmantè nan men pati enterese yo, ki enkli temwayaj alekri ak divès sondaj sou entènèt, men ki pa limite a sa yo sèlman, k ap tradui nan tout lang majè yo.

Madam Lopera te poze kesyon sou plan pou yon gwo sansibilizasyon kominotè. Madam Robinson te di ke premye reyinyon yo ap sèvi kòm yon kòmansman, epi l te ajoute ke Komite Rechèch la ka planifye kèk reyinyon anplis ke nou kapab òganize ansanm avèk divès òganizasyon kominotè. Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou nou founi divès opòtinite pou dyalòg fèt nan divès lang natif natal, ansanm ak yon fòwòm pou elèv. Madam Robinson te di ke òganize kèk fòwòm sou Zoom ta rann yo plis aksesib e li te eksprime antouzyas li pou yon angajman solid.

## KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA

- Maria Mejia, yon abitan Roxbury e paran yon elèv lekòl Blackstone Elementary School, te temwaye konsènan bidjè ak renovasyon bilding yo.
- Nancy Lessin, yon abitan Jamaica Plain e yon manm « Fanmi BPS pou Sekirite COVID » (BPS Families for COVID Safety) ak MassCOSH, te temwaye konsènan Sekirite parapò a viris COVID la.
- Robert Jenkins, yon abitan Mattapan e yon defansè kominotè, te temwaye konsènan egzijans pou mwayèn jeneral nòt yo (GPA) parapò a akitivite spòtif.
- Sharon Hinton, yon abitan Hyde Park e fondatris « Pwofesè Nwa Enpòtan » (Black Teachers Matter), te temwaye konsènan rechèch pou nouvo sipèntandan an.
- Elise Pechter, yon abitan Jamaica Plain e yon manm MassCOSH, te temwaye konsènan sekirite parapò a viris COVID la.
- Allison Cox, yon abitan Jamaica Plain e paran yon elèv Mission Hill K-8 School, te temwaye konsènan divès enkyetid ki gen pou wè avèk aksyon resan distri a nan lekòl la.
- Ruby Reyes, yon abitan Dorchester e direktè egzekitif Alyans Jistis Edikasyon Boston (Boston Education Justice Alliance, BEJA), te temwaye konsènan bidjè a.
- Mike Heichman, yon abitan Dorchester e yon manm BEJA (Boston Education Justice Alliance), te temwaye konsènan bidjè a ak plizyè lòt pwoblèm edikasyonèl.

2 mas, 2022

- Bernadette Manning, yon abitan Cambridge e yon pwofesè lekòl Boston Day and Evening Academy (BDEA), te temwaye an favè kenbe lekòl la nan lokal bilding lekòl Timilty a.
- Norma Suarez Quiles, yon abitan Roxbury e paran yon elèv lekòl BDEA ak yon manm konsèy lekòl la, te temwaye an favè kenbe lekòl la nan lokal bilding lekòl Timilty a.
- Shakeeda Bartee, yon abitan Dorchester e yon pwofesè e paran yon elèv Lekòl Piblik Boston, te temwaye an favè sipò pou salè ekitab nan tout lekòl yo.
- Sean Barrett, yon abitan South Boston e paran yon elèv lekòl Perry Elementary School, te temwaye an favè leve manda mask la (manda pou moun met mask la) ak sou ekspansyon pwogram Eskelans pou Tout Moun nan (Excellence for All).
- Deirdre Baugh, yon abitan Dorchester e yon Pwofesè UP Academy Boston, te temwaye an favè sipò pou salè ekitab nan tout lekòl yo.
- Mary Lee Marra, yon abitan Hyde Park e yon defansè kominotè, te temwaye an favè sipò ak apresyasyon pou Sipèentandan Cassellius.
- Fran Brangman, yon abitan Dorchester e defansè kominotè, te temwaye an favè yon strateji angajman kominotè otorize, ki rele : “Real Talk for Change” (Vrè Diskisyon pou Chanjman).

## MEZI POU N PRAN

Mesye Cardet-Hernandez te met aksan sou enpòtans transparans e li te peze ankò sou kòmantè li te fè oparavan konsènan enkòpore divès leson nou te aprann nan akò anplwa pwochen sipèentandan an.

**Apwouve** - Selon yon apèl non, tout Komite a te dakò vote pou otorize Prezidan Komite Skolè a siyen yon akò separasyon avèk Sipèentandan Brenda Cassellius selon divès tèm ki te dekri nan reyinyon Komite Skolè 2 mas, 2022 a.

Madam Lopera te anonse ke aprè konsiltasyon avèk Konseye Legal Lekòl Piblik Boston an ak Komisyon Etik Eta a, li te depoze yon fòmilè divilgasyon bay Vil Boston pou abòde tout aparans konfli enterè ki baze sou nenpòt defans anplwayè aktyèl li a te ka angaje ladan l, jan sa ta anrapò avèk rechèch pou nouvo sipèentandan an, ansanm ak estati anplwayè aktyèl li a antanke yon manm BESE, epi l te abòde tout konfli ki gen pou wè avèk kontra anplwayè aktyèl li a avèk Lekòl Piblik Boston. Li te afime ke l ap rete enpasyal e egzekite responsabilite l antanke manm Komite Rechèch la ak manm Komite Skolè a, epi l te rekòmande kèk kandida pou pòs sipèentandan an.

Mesye Tran te mande si Komite Skolè a kapab gen aksè a lis kesyon kandida yo te poze yo, ansanm ak enfòmasyon istwa kandida yo. Mesye O'Neil te esplike nesite pou nou gen konfidansyalite nan premye tou entèvyou yo, li te ajoute ke Komite Rechèch la va bay Komite Skolè a kèk mizajou regilyèman. Mesye Tran te pale sou enpòtans mentni yon ekilib ant konfidansyalite ak angajman kominotè.

Mesye Cardet-Hernandez te met aksan ankò sou enpòtans founisman divès opòtinite bay manm kominote a pou yo kapab bay kòmantè pa yo.

Reyinyon Aleka Komite Skolè Boston  
Sou Zoom

2 mas, 2022

*Apwouve* - Selon yon apèl non, Komite a te vote pou apatenans ak responsabilite Komite Rechèch pou nouvo Sipèentandan an, jan sa dekri nan memorandòm 2 mas, 2022 Prezidan an ke li te voye bay Komite Skolè a. Madam Lopera ak Madam Polanco-Garcia te absteni. Tout lòt manm yo te vote « wi ».

## NOUVO SIJÈ

Madam Lopera te aplodi Madam Mercer poutèt li te konplete yon pwogram staj nan lekòl Warren-Prescott K-8 School pandan konje fevriye a.

## REYINAN AN LAGE

Vè zòn 8:22 diswa, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Moun ki ateste sa :



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitiv